



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 23 PWOPRIYETE KE YO NOMINE POU RANTRE NAN REJIS LYE ISTORIK NASYONAL AK ETA

Rekòmandasyon yo soutni efò New York yo nan rekonèt listwa divès eta a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 23 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo reflekte divèsite frapan listwa Eta New York la epi pami yo gen kay pent istorik George Bellows nan Mid-Hudson Valley, yon ti pak nan Manhattan, youn nan pi ansyen izin fabrikasyon zouti ak aparèy nan Buffalo, ak yon refij ouvè nan Catskills ki date 1855 ki te kay “Wa Fontèn Soda a” John Matthews.

“Nominasyon sa yo pral ede kominote toupatou nan bèl eta sa a prezève moniman ak sit istorik ki modle eritaj rich New York la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè li rekonèt estrikti menm vil nou yo, New York ap mete limyè sou sit ak resous enpòtan yo nan chak rejyon, epi an menm tan soutni devlopman kominote yo epi ankouraje rezidan yo kou vizitè yo pou yo fè eksperyans listwa ak kilti divès nou jwenn nan chak kwen eta a.”

Lis Rejis Nasyonal ak Eta a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa ka fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou pou reponn a sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon kredi enpo reyabilitasyon yo pa eta a an 2013, pwogram eta ak federal la te ankouraje investisman 3 milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo.

“Deziyasyon sa a se yon pa enpòtan nan ede pwopriyete yo ak gadyen yo prezève epi amelyore byen sa yo”, **Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare.** “Prezèvasyon kote divès sa yo pral ede ranfòse pwosperite ak kalite lavi a toupatou nan Eta New York.”

Rejis Nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta a ki enimere nan rejis nasyonal plas istorik la endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete,

minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apres a yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Reiyon Kapital

Dunix, Cornwallville - Yo te achte fèm 1855 Catskill Mountain nan epi transfòme li an yon refij dete elabore pou fanmi “Wa Fontèn Soda a” John Matthews (1808-1870), ki te fè fòtin li nan lansman aparèy fontèn soda.

Kazèn Ponpye Whitehall la, Whitehall - Kazèn nan te fini an 1913 pou kenbe premye kamyon ponpye mekanik a gaz nan vilaj la yon ekip chwal te rale mete kote li ye kounye a an 1932 lè yo te reklame lokal orijinal li a pou mete ray chemennfè.

New York Santral

Lipe-Rollway Corporation Building J, Syracuse - Bati an 1920-21, bilding nan se yon sit trè enpòtan nan eritaj fabrikasyon divès vil la, yo konnen pou pwodiksyon san rete transmisyon pou tank ak ekipman lou tankou paregzanp transmisyon 600 liv pou Tank M-4 General Sherman nan.

Legliz Presbiteryen Wampsville la, Wampsville - Yo te bati edifis premye òganizasyon relijye nan Wampsville la an 1830, modifye li an 1878, epi agrandi li an 1891 ak an 1912-1915 men li kenbe anpil nan karakteristik yo nan achitekti orijinal li.

Finger Lakes

Distrik Istorik Anbalavil Lyons lan, Lyons - Distrik la gen 256 resous ki reflekte listwa long Lyons depi nan koloni fen 18yèm syèk rive nan vil kannal kòmansman 19yèm syèk la epi pi ta kòm yon sant gouvènman ak endistri ki te dire jiska byen lwen nan 20yèm syèk.

Long Island

Pon Japonè a, Shelter Island - Bati nan zòn 1905, eleman peyizaj ònemantal la enjenyè ak envantè Ernest L. Ransome te kreye a se youn nan sèl tras ki siviv nan domèn Francis Marion Smith la, mèt Pacific Coast Borax Company an.

Mid-Hudson Valley

Kay George W. Bellows, Woodstock - Se George Bellows (1882-1925), youn nan jèn manm pi enpòtan yo nan “Lekòl Da Ashcan” nan, epi ki selèb pou premye èvda li

yo - abityèlman match bòks ak lavi nan lavil li te pentire avèk yon estil di, frengan, ak konsekan, ki te bati kay la an 1921 kòm rezidans dete.

Lospis pou Pòv Vil Kingston nan, Kingston - Bati ant 1872-1874, estrikti estil italyen an te ofri rezidan vye granmoun ak pòv Kingston yo yon fwaye jiska 1948.

Kay John H. ak Sarah Trumbull la, Kingston - Bati an 1876, se achitèk selèb Arthur Crooks ki te desine kay la, ki te mele karakteristik gotik avèk estil Stick la pou kreye yon kay enpresyonan ki plontonnen nan gwo wòch ak rebò yo nan peyizaj la.

Sit Kominotè Nouvèl Gine a (New Guinea Community Site), Hyde Park - Sit istorik sa a ki enpòtan nan pwendvi akeyolojik anndan Hackett Hill Park te lokal yon ansyen kominote nwa lib, ki te aktif apati zòn 1790 rive zòn 1850 pandan pwosesis long afranchisman an nan New York, lè koloni andeyò yo nan oswa toupre ti vil ki te tabli yo te atire migran nwa ki te fèk libere ki t ap chèche travay, chèche manm fanmi ki te separe avèk yo pandan esklavaj la, oswa ki te espere jwenn refij lwen ansyen mèt yo.

Kay an Wòch Vernooy-Bevier a, Wawarsing - Pwopriyete a gen yon kay an wòch kalkè ki siman date mwatye 18yèm syèk, epitou yon koleksyon remakab depandans fèm fen 19yèm syèk.

Mohawk Valley

Distrik Istorik Upper Genesee Street la, Utica - Bilding yo nan kè komèsyal vil la reprezante listwa kominote a depi 1825 rive 1972, li reprezante ane reyisit ekonomik li yo, deklen li apre sa, epi efò modènizasyon yo kòm yon pwojè inovatè pwogram Renouvèlman Iben an (Urban Renewal).

Distrik Istorik Komèsyal Anbalavil Oneida a, Oneida - Distrik la reflète evolisyon istorik vil la, ki te parèt kòm yon sant transpò rejyonal ak yon sant endistriyèl apre Gè Sivil la gras a Kannal Alimantasyon Oneida a ak Chemennfè Utica-Syracuse la.

Vil New York

Earl Hall, Manhattan - Fini an 1902, bilding nan te pami premye estrikti yo te bati sou kanpis Morningside Heights la nan Columbia College; li se yon travay enpòtan gwo fim achitekti McKim, Mead & White la tou. Earl Hall enpòtan tou nan listwa LGBT a kòm fwaye Lig Etidyan Omofil yo (Student Homophile League), inivèsite a te rekonèt ofisyèlman an 1967, sa ki te make Columbia kòm premye inivèsite nan Etazini ki te gen yon gwoup etidyan omoseksyèl. Apati 1970, bal omoseksyèl regilye yo nan Earl Hall te vin youn nan aktivite sosyal omoseksyèl pi enpòtan nan Vil New York.

Pak Greenacre a, Manhattan - Pak 6,360 pye kare a sou East 51st Street se yon egzantp mouvman ti pak mwatye 20yèm syèk la, ki t ap ankouraje kreyasyon ti pak lavil pou selebre lavi nan lavil apre plizyè dizèn lane renouvèlman iben ak destriksyon gwo mòso tisi iben.

Simityè Old Town of Flushing nan (Teren Martin nan), Queens - Simityè a se lye repo final apeprè 1,000 moun ki te antere ant 1840 ak 1898, epi pifò nan yo te sitwayen pi pòv Flushing yo, avèk yon gran pousantaj dorijin afwo-ameriken ak endyen ameriken.

Rezèwva Ridgewood la, Brooklyn/Queens - Konstwi apati 1865, rezèwva distribisyon prensipal Vil Brooklyn nan te bay dlo pou pèmèt Brooklyn vin twazyèm pi gran vil nan peyi a disi 1890, alimante motè a vapè ki te fè Brooklyn yon pwisans endistriyèl, epi vin vil ki pi gran pwodikte byè nan Etazini.

Bilding Saxe Embroidery Company an, Bronx - Bilding faktori 1904 la te toudabò konstwi pou yon biznis familyal ki te espesyalize nan medayon ak monogram bwode epi ki te finalman vin gen ladan yon evantay antrepriz fabrikasyon lokal a ti echèl.

LANAI, Manhattan - Bati an 1911, *LANAI* (ki rele *ARGO* kounye a) se egzanp sivivan pi ansyen yon kay-bato de liks pou dlo ki pa fon antreprenè selèb John Trumpy te desine, ki te bati nan Mathis Yacht Building Company.

Reiyon Lwès New York

Ingleside Home, Buffalo - Bati an 1929, bilding sa a ki fè reviv estil kolonyal la te fèt pou sèvi enstitisyon ki te ofri sèvis konsèy sosyal ak sikolojik epitou swen sante bay fi ki te nan bezwen sèlman jiska 1976.

Faktori Niagara Machine & Tool Works la, Buffalo - Faktori 1910 la se youn nan izin fabrikasyon zouti ak aparèy ki pi ansyen ak pi enpòtan - espesyalize nan près, pwenson, ak rotativ a fèy pou kontra defans gouvènman - ki te bati epi t ap fonksyone nan Buffalo pandan 20yèm syèk la.

Paviyon Westminster House la, Buffalo - Bilding 1909 la se youn nan sèl bilding ki rete nan vil la ki afilye avèk Mouvman Sant Zèv Sosyal la, kote travayè sosyal yo te fè anpil sansibilizasyon kominotè nan vwazinaj la, epitou ofri pwogram edikasyon ak lwazi nan paviyon an.

Distrik Istorik West End la, Springville - Anklav entak la ki gen achitekti rezidansyèl ak relijye te devlope alwès sant vilaj la pandan 19yèm ak 20yèm syèk, gras a ouvèti chemennfè Springville & Sardinia a an 1878.

###